



NYC Housing Recovery
212-615-8329
housing@recovery.nyc.gov
nyc.gov/builditback

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

F15

MANDA

AVI POU PRENSIPAL ENTERESE AN: Manda ou an se yon dokiman enpòtan li ye. Kòm “Prensipal”, ou bay moun ou chwazi an (“ajan” ou) otorite pou li depanse lajan ou epi vann oubyen dispoze de byen ou pandan ou vivan san li pa di ou anyen. Ou pa pèdi otorite ou pou ou aji menm si ou bay ajan ou an menm kalite otorite an.

Lè ajan ou egzèse otorite sa a, nan sa li fè yo, se pou li swiv nenpòt endikasyon ou ba li, epi se pou li aji nan meyè enterè ou. “Enfòmasyon Enpòtan pou Ajan an” ki nan fen dokiman sa a dekri responsabilite ajan ou an.

Ajan ou an kapab aji nan non ou sèlman apre li fin siyen Manda an devan yon notè.

Ou kapab mande enfòmasyon nan men ajan ou nan nenpòt moman. Si wap revoke yon ansyen Manda, se pou ou bay yon avi alekri ki enfòmasyon ansyen ajan ou an/yo epi bay menm avi sa a bay nenpòt tyès pati ki te ka aji an fonksyon de ansyen manda sa a, kòm pa egzanp enstitisyon finansyè kote ou gen kont ou.

Ou kapab revoke oubyen sispann Manda ou an nan nenpòt moman depi ou gen tout fakilte tèt dwat ou. Si ou pa gen fakilte tèt dwat ou ankò, yon tribinal kapab retire yon ajan si ajan an aji nan yon fason ki pa korèkt.

Ajan ou an pa kapab pran okèn desizyon ki gen rapò avèk swen sante ou. Ou kapab siyen yon fòmilè “Mandatè Swen Sante” pou fè sa.

Lwa ki gouvènè Manda yo fè pati lwa Eta New York lan sou Obligasyon Jeneral ki rele New York General Obligations Law, Article 5, Title 15. Lwa sa a disponib kote ou kapab jwenn li nan yon bibliyotèk dwa, oubyen sou entènèt sou sit Sena oubyen Asanble an, nan adrès www.senate.state.ny.us oubyen www.assembly.state.ny.us.

Si gen nenpòt bagay nan dokiman sa a ou pa konprann, se pou ou jwenn yon avoka ou chwazi oumenm pou mande l eksplike l ba ou.

Mwenmenm, ki siyen pi ba an (“Pwopriyetè”), mwen se pwopriyetè kay lan ki nan adrès:

Adrès kay lan

Vil, Eta, Kòd postal

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Avèk dokiman sa a mwen deziyen moun ki gen non l make pi ba an kòm mandatè mwen:

MANDA

Paj 1 sou 7

Ranpl a la men

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

Non ajan an	Nimewo telefòn	Nimewo faks
Adrès postal	Adrès imèl	
Vil	Eta	Kòd postal

("Ajan" an) pou li reprezante m nan sa ki gen rapò avèk aplikasyon mwen fè an pou resevwa benefis nan pwogram NYC Build it Back lan ("Pwogram" lan).

Mwen akòde Ajan mwen tout pouvwa yo pou li resevwa enfòmasyon konfidansyèl epi pou li fè nenpòt epi tout aksyon mwenmenm kapab fè nan sa ki gen rapò avèk Pwogram lan, tankou pa egzanp, menm si kapab genyen plis ankò, sijè ki make pi ba yo jan yo defini nan seksyon 5-1502A rive nan 5-1502N nan nouvo lwa obligasyon an ki rele ann anglè New York General Obligations Law: (A) tranzaksyon imobilye, (F) tranzaksyon asirans, epi (J) benefis pwogram gouvènman an.

Si mwen pa vle Ajan an gen plen pouvwa jan sa dekri pi wo an, mwen atache yon eksplikasyon ki siyen epi ki date ki an rapò avèk limit sa yo.

Retansyon/revokasyon manda presedan an/yo

Manda sa a (*power of attorney* – POA) gen aplikasyon sèlman pou pwogram NYC Build it Back lan ki anba administrasyon Vil New York lan. Si genyen yon POA ki egziste deja epi ki ann aplikasyon pou 5-1502(A), (F), epi (J), mwen mete avèk dokiman sa a yon kopi siyen epi date pou chak POA.

Avi avèk sèten lòt kominikasyon

Mwen byen konprann tout avi avèk lòt kominikasyon ki gen rapò avèk Pwogram lan se nan adrès Ajan mwen yo pral ekspedye yo. Mwen kapab resevwa kopi pou chak nan avi avèk kominikasyon sa yo si mwen adrese yon demand alekri bay Mayor's Office of Housing Recovery Operations, 250 Broadway, 24th Floor, New York, NY 10007, epi/oubyen lè mwen mande yo nan men Ajan mwen an.

Apwobasyon tyès pati yo bay

Mwen dakò pou mwen endemnifye Vil New York lan ("Vil" lan) avèk sesyonè li, anplwaye l, ajan l, epi kontraktyèl li (kolektivman "Prestatè Asistans" yo) de nenpòt reklamasyon ki ta kapab vin fèt kont Prestatè Asistans yo paske yo te aji selon Manda sa a. Mwen konprann nenpòt sispansyon Manda sa a, kèlkeswa si se rezilta revokasyon mwen mete sou Manda an oubyen yon lòt rezon, pa an vigè nan sa ki konsène Prestatè Asistans yo jis tan Vil lan genyen nan men li yon avi oubyen Vil lan o kouran de sispansyon sa a.

MANDA

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvoulè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

Sispansyon

Manda sa a kontinye jis tan mwen revoke li oubyen li vin revoke paske mwen mouri oubyen yon lòt evenman ki dekri nan seksyon 5-1511 nan Lwa Jeneral sou Obligasyon yo, e mwen mete avèk dokiman sa a tèkst la anba tit Anèks A. Seksyon 5-1511 Lwa Jeneral sou Obligasyon an dekri nan ki manyè ou kapab revoke Manda ou, epi evenman yo ki sispann Manda an. Genyen yon modèl revokasyon Manda ki atache avèk dokiman sa a anba tit Anèks B.

Siyati ak Rekonesans

An fwa de kwa mwen siyen non mwen sou dokiman sa a nan dat sa a ki se _____ jou nan mwa _____ 20 _____.

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

_____)
Siyati

_____)
Ekri non an lèt detache

ETA NEW YORK)
) ss:
KONTE _____)

Jodi an nan dat _____ jou nan mwa _____ 20 _____, devan mwen _____ parèt pèsònèlman, ki se yo moun mwen konnen pèsònèlman oubyen pwouve ba mwen lè li prezante prèv satisfèzan ba mwen pou di se limenm ki se moun ki gen non li ki ekri nan enstriman an epi rekonèt devan mwen pou di li egzèkite enstriman an nan kapasite li, epi pa siyati li sou enstriman an, moun lan, oubyen antite an ki gen endividi an ki aji nan non li, egzèkite enstriman an.

_____)
Notè

MANDA

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

Enfòmasyon enpòtan pou Ajan an

Lè ou aksepte otorite prensipal lan akòde ou avèk Manda sa a, sa fè yon relasyon jidisyè spesyal vin kreye ant oumenm avèk prensipal lan. Relasyon sa a enpoze sou ou responsabilite legal ki kontinye jis tan ou bay demisyon ou oubyen Manda an vin sispann oubyen revoke. Se pou ou:

- (1) aji selon nenpòt endikasyon prensipal lan ba ou, oubyen kote pa gen okèn endikasyon, selon meyè enterè prensipal lan;
- (2) evite nenpòt konfli ki ta anpeche kapasite ou pou ou aji nan meyè enterè prensipal lan;
- (3) kenbe byen prensipal la yo separe epi diferan de nenpòt aktif oumenm posede oubyen kontwole, amwenske la lwa pèmèt ou fè l yon lòt jan;
- (4) kenbe yon dosye oubyen tout resi, peman avèk tranzaksyon ki fèt pou prensipal lan; epi
- (5) revele alekri idantite ou kòm ajan nenpòt lè ou aji pou prensipal lan oubyen ekri non prensipal lan an lèt detache epi siyen pwòp non pa ou kòm “ajan” nan youn nan fason sa yo: (Non Prensipal lan) pa (Siyati pa ou) kòm Ajan, oubyen (siyati pa ou) kòm Ajan pou (Non Prensipal lan). **((Principal's Name) by (Your Signature) as Agent, or (your signature) as Agent for (Principal's Name))**.

Ou pa gen dwa sèvi avèk byen ak aktif prensipal lan pou pwòp avantaj pa ou oubyen avantaj nenpòt lòt moun oubyen bay tèt ou kado oubyen bay lòt moun kado avèk yo.

Ou kapab demisyone si ou bay yon avi alekri bay prensipal lan epi bay nenpòt ko-ajan, oubyen bay moun ki responsab prensipal lan, si gen yon moun konsa ki deziye. Si genyen yon bagay nan dokiman sa a oubyen nan responsabilite ou yo ou pa konprann, ou dwe chèche konsèy avoka pou sa.

Responsabilite ajan an: Ou kapab jwenn siyifikasyon otorite yo ba ou an nan definisyon ki nan Lwa Jeneral sou Obligasyon yo, Atik 5, Tit 15. Si genyen prèv ki revele ou vyole la lwa oubyen ou aji andeyò de otorite Manda an akòde ou yo, sa riske fè ou responsab devan la lwa pou vyolasyon ou komèt lan.

MANDA

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

Siyati Ajan an epi Rekonesans Deziyasyon li

Sa pa obligatwa pou prensipal lan avèk ajan an siyen an menm tan.

Mwenmenm, _____ mwen li Manda ki pi wo an. Mwen se moun ki idantifye ladan l kòm ajan pou prensipal lan ki gen non l ladan l.

Mwen rekonèt responsabilite legal mwen.

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Siyati

Ekri non an an lèt detache

ETA NEW YORK)
) ss:

KONTE _____)

Jodi an nan dat _____ jou nan mwa _____ 20 _____, devan mwen _____ parèt pèsònèlman, ki se yo moun mwen konnen pèsònèlman oubyen pwouve ba mwen lè li prezante prèv satisfèzan ba mwen pou di se limenm ki se moun ki gen non li ki ekri nan enstriman an epi rekonèt devan mwen pou di li egzekite enstriman an nan kapasite li, epi pa siyati li sou enstriman an, moun lan, oubyen antite an ki gen endividi an ki aji nan non li, egzekite enstriman an.

Notè

POWER OF ATTORNEY

New York General Obligations Law § 5-1511 (2013) – Lwa Jeneral New York lan sou Obligasyon yo § 5-1511 (2013)

§ 5-1511. Sispansyon oubyen revokasyon manda an; avi

1. Yon manda vin sispann lè:
 - (a) prensipal lan mouri;
 - (b) prensipal lan vin enkapasite, si manda an pa dirab;
 - (c) prensipal lan revoke manda an;
 - (d) prensipal lan revoke otorite ajan an epi pa gen okèn ko-ajan oubyen ajan siksesè, ni okèn ko-ajan siksesè ki vle oubyen kapab sèvi;
 - (e) ajan an mouri, vin enkapasite oubyen demisyone epi pa gen okèn ko-ajan oubyen ajan siksesè ki vle oubyen kapab sèvi;
 - (f) otorite ajan an vin sispann epi pa gen ko-ajan ni ajan siksesè ki vle oubyen kapab sèvi;
 - (g) objektif manda an akonpli; oubyen
 - (h) yon òdonans ki soti nan yon tribinal revoke manda an jan sa prevwa nan seksyon 5-1510 nan tit sa a oubyen seksyon 81.29 nan lwa ijyèn mantal lan.
2. Otorite yon ajan vin sispann lè:
 - (a) prensipal lan revoke otorite ajan an;
 - (b) ajan an mouri, vin enkapasite oubyen demisyone;
 - (c) maryaj ajan an avèk prensipal lan vin sispann avèk yon divòs oubyen anilasyon maryaj lan, jan sa defini nan souparagraf de (2) nan paragraf (f) nan seksyon 5-1.4 sou siksesyon, pouwva avèk lwa sou fidisi, sòf si manda an ekspreseman prevwa yon lòt bagay. Si otorite yon ajan vin revoke sèlman nan sibdivizyon sa a, si prensipal lan ta vin remarye avèk ansyen konjwen an, otorite an ap retabli; oubyen
 - (d) manda an sispann.
3. Yon prensipal gen dwa revoke yon manda:
 - (a) an konfòmite avèk kondisyon manda an; oubyen
 - (b) avèk livrezon yon revokasyon manda an bay ajan an an pèsòn oubyen lè li resevwa nan lapòst, kourye, transmisyon elektwonik oubyen telekopi yon revokasyon ki siyen epi date epi ki rive nan dènye adrès ki koni pou ajan an. Ajan an dwe respekte revokasyon prensipal lan nonobstan enkapasite reyèl oubyen enkapasite moun wè amwenske prensipal lan sijè anba titèl selon atik 81 nan lwa sou ijyèn mantal lan.
4. Kote yon manda te vin anrejistre swivan seksyon 294 nan lwa imobilyè an, prensipal lan pral anrejistre tou revokasyon an nan biwo an kote manda an anrejistre swivan seksyon 306 nan lwa imobilyè an, sèlman si revokasyon an respekte seksyon 307 nan lwa Eta an sou teknoloji.
5.
 - (a) Sispansyon otorite yon ajan oubyen sispansyon yon manda pap antre an vigè nan sa ki konsène yon tyès pati ki pa resevwa yon avi reyèl sou sispansyon an epi ki aji an tout bòn fwa anba manda an. Nenpòt aksyon ki fèt nan kondisyon sa yo, amwens aksyon an envalid oubyen li enposib pou fè reskpekte aksyon an, pral obligatwa pou prensipal lan epi pou eritye prensipal lan nan enterè an. Yon enstitisyon finansyè konsidere tankou li te gen avi reyèl lan apre li te gen yon chans rezonab pou li aji sou yon avi alekri ki enfòmè l de revokasyon oubyen sispansyon an apre li resevwa yo nan biwo li kote genyen yon kont.
 - (b) Sispansyon otorite yon ajan oubyen sispansyon yon manda pap antre an vigè nan sa ki konsène ajan an jis tan ajan an resevwa yon revokasyon jan sibdivizyon 3 nan seksyon sa a egzije li. Yon ajan konsidere tankou li resevwa yon revokasyon lè yo livre revokasyon an an pèsòn bay ajan an, oubyen nan yon delè rezonab apre revokasyon an te ekspedye pa lapòst, kourye, transmisyon elektwonik oubyen telekopi, an konfòmite avèk sibdivizyon 3 nan seksyon sa a.
6. Egzekisyon yon manda pa revoke okèn manda prensipal lan te egzekite avan sa.

MANDA

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

ANÈKS B
nan MANDA AN

REVOKASYON YON MANDA

Referans lan se yon sèten manda _____ (“Pwopriyetè”) te akòde _____ (“Ajan”), epi ki gen dat _____ jou nan mwa _____ 20_____.

Dokiman sa a konstitye yon avi ki di, avèk dokiman sa a, Pwopriyetè an revoke, retire epi sispann manda an kestyon an epi tout otorite, dwa ak pouvwa ki te ladan l a pati de dat _____ nan mwa _____ 20_____.

Siyati ak Rekonesans

An fwa de kwa, mwen siyen non mwen sou dokiman sa a nan dat _____ nan mwa _____
Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Siyati

Non an lèt detache

ETA NEW YORK)
) ss:
KONTE _____)

Jodi an nan dat _____ jou nan mwa _____ 20 _____, devan mwen _____ parèt pèsònèlman, ki se yo moun mwen konnen pèsònèlman oubyen pwouve ba mwen lè li prezante prèv satisfèzan ba mwen pou di se limenm ki se moun ki gen non li ki ekri nan enstriman an epi rekonèt devan mwen pou di li egzekite enstriman an nan kapasite li, epi pa siyati li sou enstriman an, moun lan, oubyen antite an ki gen endividi an ki aji nan non li, egzekite enstriman an. On this the _____ day of _____, 20_____, before me, the undersigned, personally appeared

Notè

MANDA